



Gid pou Estrateji Lojman San Rasanbleman pou Kominote Lwès yo

Kisa ki Lojman San Rasanbleman an?

Lojman San Rasanbleman (Non-Congregate Sheltering, NCS) refere ak lokal kote chak moun oswa fanmi gen yon espas pou viv ki ofri kèk nivo vi prive, ki entèprete tankou pwòp chanm ak enstalasyon sanitè li.

Poukisa NCS enpòtan pou reponn ak pandemi kowonaviris la?

Lè nou konsidere kowonaviris la gaye fasilman sòti nan yon moun ale nan yon lòt, lojman san rasanbleman an se opsyon prefere pou pran swen sila yo ki bezwen izòlman.

Kisa Estrateji NCS pou Kominote Lwès yo ye?

Estrateji NCS pou Kominote Lwès yo, jan Konsèy Manm Komisyon Konte nan Konte Palm Beach lan apwouve sa nan dat 2 jen 2020, enplike renovasyon ak itilizasyon de(2) enstalasyon Konte a posede pou bay yon operasyon lojman san rasanbleman ki sèvi sila yo ki bezwen izòlman akòz ijans kowonaviris la.

Ki enstalasyon Konte a posede ki pral itilize?

Enstalasyon ki sitiye nan Belle Glade (ke Jerome Golden Center, Inc.; 341 NW 11th Street te okipe

anvan sa) pral sèvi tankou Sant Admisyon ak Evalyasyon. Yon dezyèm enstalasyon ki sitiye nan Pahokee (1749 E Main Street) pral bay 42 inite ki gen yon chanmakouche/yon douch pou fanmi, moun aje, koup ak selibatè.

Kijan enstalasyon yo pral itilize?

Akoutèm, Estrateji a pral abòde bezwen lojman san rasanbleman rezidan Kominote Lwès yo ki bezwen izòlman akòz ijans kowonaviris la. Alontèm, enstalasyon sa a pral aliyen ak *Leading the Way Home*, *Yon Plan pou Mete Fen nan Pwoblèm Sanzabri nan Konte Palm Beach*. Inite yo pral itilize pou lojman dijans jiska 90 jou ak lojman sipèvize jiska 24 mwa; pandan y ap resevwa sèvis kominotè ki detèmine endividyèlman.

Kiyès Estrateji NCS pou Kominote Lwès yo pral sèvi?

Inisyativ sa a pral sèlman sèvi kominote lwès 20 Mile Bend. Alontèm ak kòm ekspesyon pou akomode kondisyon ak sikonstans espesyal yo, patisipan yo ki sòti nan kòt lès la ka afekte nan enstalasyon ki sitiye nan Kominote Lwès yo.

Èske yo pral aksepte vizit san randevou nan enstalasyon yo?

Non, enstalasyon yo pral fonksyone sou baz referans sèlman. Patisipan yo pral refere nan



Kote nan enstalasyon abri ki pa kongregasyon pou kominote lwes yo nan Konte Palm Beach.

Lojman Pahokee a sèlman apre yo fin evalye, kalifye ak ajoute nan sistèm antre kowòdone a nan enstalasyon Belle Glade la.

Ki kalite sèvis konplè ki pral bay?

Sèvis konplè (*wrap around services*) ki pral bay yo gen ladan, men pa limite ak: evalyasyon pou abri; evalyasyon sante ak sante konpòtmantal; referans pou lòt sèvis; lojman lannuit dijans; aksè ak sèvis ijyèn; aksè ak resous prensipal yo; epi rad ak manje jan sa nesesè.

Kiyès ki pral jere enstalasyon yo?

Konte a te kontrakte Gulfstream Goodwill Industries, Inc. (Goodwill) pou jere Sant Evalyasyon ak Admisyon Belle Glade ak Lojman Pahokee. Pwen kontak Goodwill pou pwojè sa a

se: Kat Hammer, Vis Prezidan Adjwen Sèvis pou Sanzabri ak Rezidansyèl (Homeless and Residential Services) epi nou ka jwenn li nan 561-904-7901 oswa nan khammer@lewiscenterpbc.org.

Èske pwogram lojman an volontè?

Wi, patisipasyon nan pwogram lan totalman volontè epi sila yo k ap antre ladan dwe satisfè kritè enskripsyon pwogram lan ak respekte tout règ konduit anba sipèvizyon Operatè a (Goodwill).

E konsènan sekirite ak pèsònèl la?

Sèvis sekirite yo pral bay 24/7 nan Sant Evalyasyon ak Admisyon Belle Glade la. Lojman Pahokee a pral gen yon manadjè rezidan ak sekirite sou plas pandan peryòd travay lannuit lan. Pèsònèl la pral toujou prezan nan tou de enstalasyon yo.

Èske gen opòtinite pou travay ki disponib?

Wi, Goodwill ap fè rekritman pou jwenn moun pou 24 pòs ki vid epi tout efò rekritman yo pral vize Kominote Lwès yo. Enfòmasyon anplis konsènan deskripsyon travay, kalifikasyon minimòm ak pwosesis rekritman disponib sou sitwèb Gulfstream Goodwill www.gulfstreamgoodwill.org anba lyen rapid “*Apply for a Job*” (Aplike pou yon Travay).

Kisa Komisyon Sipèvizyon Katye a ye?

Konte Palm Beach angaje pou ko-egzistans san danje, pwoteje ak konpatib enstalasyon ak operasyon li yo pami mèt pwopriyete, biznis ak rezidan ki toupre yo. Anplis de angajman sa a, Konte Palm Beach mete, ak tout volonte li, ekip pwofesyonèl li ak founisè sèvis ki kontrakte pou enstalasyon yo osèvis moun ki gen pwoblèm sanzabri bay yon Komisyon Sipèvizyon Katye ki reprezante echantiyon pati ki enterese lokalman yo. Komisyon Sipèvizyon Katye a egziste pa sèlman pou transmèt nenpòt obsèvasyon sou preyokipasyon, plent lokal ak/oswa nouvo enpak ki sòti nan operasyon enstalasyon Konte a pou ka gen entèvansyon ak rezolisyon, men tou pou pote atansyon ak bagay enterè patikilye yo anvan ta gen nenpòt rezilta endezire.

Kiyès ki patisipe nan Komisyon Sipèvizyon Katye a?

Vil Belle Glade ak Pahokee, chak nonmen senk manm pou Komisyon an. Pou Belle Glade: Vis Majistra Mary Ross Wilkerson, Alphonzo Royal, Derreo Smith, Hope Rivera-Matthews ak Jackie Pitts. Pou Pahokee: Vis Majistra Clara “Tasha” Murvin, Rev. Patricia Wallace, Faith Sasser, Josie Hernandez ak Sanquetta Cowan. Se Katrina Long-Robinson, Vis Majistra, Vil Westlake ak Manm Konsèy Konsiltatif Sanzabri Konte Palm Beach ki dirije Komisyon an. Administratè Adjwen Konte a Nancy Bolton, ansanm ak pèsonèl Konte a nan departman Sèvis Kominotè ak departman

Devlopman Enstalasyon ak Operasyon yo, patisipe nan tout reyinyon Komisyon an.

Kijan pwojè sa a pral benefisye Kominote Lwès yo?

Avantaj imedyat yo gen ladan; men pa limite ak: renovasyon de (2) enstalasyon ki vid aktyèlman, sa ki asire antretyen ak kondisyon sanitè yo; ak dispozisyon travay konstriksyon pou mendèv lokal la. Avantaj kontinyèl yo gen ladan; opòtinite pou travay lokal nan jesyon operasyon lojman, aksè anplis nan pil kalite pwogram ak sèvis Depatman Sèvis Kominotè a ofri ki gen ladan sila yo ki pèsonalize pou veteran, moun aje, travayè agrikòl migran, ak fanmi yo ak an gwo tout sipò ki mennen nan kominote ki pi rezistan piske pwogram ki pwopoze pou operasyon sou plizyè sit la repoze anpil sou lyen ak angajman lokal yo pou siksè li.

Kiyès pou mwen kontakte si mwen bezwen enfòmasyon anplis sou sèvis yo?

Depatman Sèvis Kominotè Konte a kapab bay enfòmasyon anplis sou sèvis ki bay nan kad Estrateji a. Ou kapab vizite sitwèb departman an (www.pbcgov.com/communityservices) oswa kontakte:

Wendy Tippett
Direktè Sèvis Sosyal
561-355-4772
WTippett@pbcgov.org

Kiyès pou mwen kontakte si mwen gen kesyon sou enstalasyon yo?

Depatman Devlopman ak Operasyon Enstalasyon nan Konte a responsab pou antretyen tou de enstalasyon yo. Ou kapab vizite sitwèb departman an (www.pbcgov.com/fdo) oswa kontakte:

Isamí Ayala-Collazo, Direktè Adjwen
561-233-1447
iayalacollazo@pbcgov.org



**Palm Beach County
Board of County Commissioners**



Dokiman sa a disponib tou nan lang Panyòl ak Angle.

Konfòmeman ak dispozisyon Lwa sou Ameriken ki gen Andikap (ADA) la, publikasyon sa a disponib sou lòt fòm. Tanpri rele Tammy Martinez nan (561) 355-4501 nan Depatman Sèvis Kominotè PBC a pou fè demann ou an.